# И.ЮСУПОВ ЛИРИКАСЫ ПОЭТИКАЛЫҚ ТИЛИНИҢ ӨЗИНШЕЛИГИ

**Гуззал Отепбергенова**
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы оқытыўшысы*

***РЕЗЮМЕ:*** *Мақолада қорақалпоқ адабиётшунослигида поэтик тилди ўрганиш масалалари бўйича фикр юритилади. Муаллиф И. Юсупов асарларининг бадиий лексикаси, антонимлар, синонимлар, омонимлар ва фразеологизмларди талқин этади. Шоир тилининг такомиллашган шакллари, бадиий лексика намуналаридан фойдаланганлигини ва поэтик тил бойлиги, бадиийлиги, теран образлилиги очиб берилган.*

***Таянч сўзлар:*** *бадиий тил, бадиий лексика, И.Юсупов ижоди, бадиий образлилик, антонимлар.*

***РЕЗЮМЕ:*** *В статье рассматриваются вопросы изучения поэтического языка в каракалпакском литературоведении. Автор И. Художественная лексика произведений Юсупова интерпретирует антонимы, синонимы, омонимы и фразеологизмы. Выявляются усовершенствованные формы языка поэта, использование образцов художественной лексики, богатство, артистизм и глубокая образность поэтического языка.*

***Ключевые слова:*** *художественный язык, художественная лексика, творчество И.Юсупова, художественная образность, антонимы.*

***SUMMARY:*** *The article discusses the issues of studying the poetic language in Karakalpak literary studies. Author I. The artistic lexicon of Yusupov's works interprets antonyms, synonyms, homonyms and phraseology. The improved forms of the poet's language, the use of examples of artistic vocabulary, and the richness, artistry, and deep imagery of the poetic language are revealed.*

***Key words:*** *artistic language, artistic vocabulary, creativity of I. Yusupov, artistic figurativeness, antonyms.*

Көркем әдебиятта өзиниң нәзиклиги, астарлылығы, көркемлиги менен айрықша баҳаланатуғын дөретпе – булар лирикалық шығармалар болып табылады. Бул туўралы В.Г.Белинский былай деп жазады: - «… жубатқан, ашыўландырған, қуўантқан, қапаландырған, ренжиткен, меҳирге бөлеген, қыйналдырған нәрсениң бәрин де бир сөз бенен айтқанда субъекттиң руўхый өмириниң мазмуны болған нәрсениң бәри де субъект бойлап, субъектте пайда болғанның барлығын лирика деп қабыллаймыз» [2.72] - деген еди. Шынында да, лирика инсанның ишки жан дүньясын сүўретлеп, ўақыяға емес, керисинше сезимге, кеўил-күйге айрықша мәни береди. Әдебиятшы алым профессор Қ.Оразымбетовтың сөзи менен айтқанда «лирика – бул оғада қурамалы,

анализлениўи қыйын, адамларға тийгизетуғын тәсири күшли, соның менен бирге олардың ең нәзик сезимлерин түрткилейтуғын жанр». [6.53]

Лирика – сөз өнери, көркем шеберликтиң теңи-тайы жоқ үлгиси. Лирикада тил ҳәм оның ең киши бирлиги сөз, сөз дизбеги менен бир қатар ой-пикир, қыял тереңлиги де көркем образлықты тәмийинлейди. Демек, лириканың поэтикалық тилиниң көркемлик сыпатын асыратуғын да ой-сезимниң тереңлиги, өткирлиги ҳәм эстетикалық тәсиршеңлиги болып табылады.

Көркем әдебият, соның ишинде лирика – өнер дүньясы болып табылады. Ол сулыўлық, үйлесимлилик, көркемлик деген сыпатлары менен өмир сүреди. Сонлықтан болса керек «өнер» деген сөзге «көркем» деген анықлама бирге қоса айтылады. Көркемлик – кең түсиник. Әсиресе, лирика әлемине келгенде, ол тек «сыртқы сулыўлықтың» көриниси, қосық қызыл сөздиң жыйынтығы емес, илимий тил менен айтқанда, мазмун менен форманың сәйкес келиўи, шайырдың билдирмекши болған ойына (поэтикалық идеясына) оны беретуғын көркем тилиниң сай келиўи болып табылады. Лирикадағы көркем тил деген қубылыстың (қуралдың) инсан баласы өмириндеги күдиретин, күшин көрсететуғын белги.

Көркем әдебият, соның ишинде лирика сөз өнери екенлиги, оның биринши элементи тил екенлиги туўралы ҳақыйқатты барлық алымлар мойынлаған. Белгили өзбек жазыўшысы О.Шарафиддинов: «Бояўсыз сүўретлеў өнери, ырғақсыз музыка болмағаны сыяқлы, тилсиз әдебият та болмайды. Ҳақыйқатында да, жазыўшы ҳәр қыйлы адамлардың характерин үйренип, жәмийеттиң раўажланыўына жәрдем беретуғын салмақлы ҳақыйқатлықларды ашады. Бирақ, булардың ҳәммеси әдебиятта тил арқалы жүзеге асады» [9.3] - деп жазады.

Поэтикалық тил – поэтикалық, көркемлик ҳәм эстетикалық хызмет атқаратуғын тил. Поэтикалық тил түсиниги әййимги дәўирлерде поэзия тилине қатнаслы болғаны менен, кейин улыўма көркем әдебият тилиниң айрықша сапасын билдириў ушын «көркем тил» сыпатында қолланыла баслады. Поэтикалық тил поэтика, әдебият теориясы, тил билиминиң стилистика, лингвистикалық поэтика тараўлары менен байланыслы.

Тилдиң көркем-эстетикалық, поэтикалық қәсийетлерине әййемги антик дәўир ойшыллары (Горкий, Аристотель ҳәм т.б) кеўил бөлген. Тил билиминде оның изертлене басланыўы XIX әсирдиң аяқларында эстетикалық бағыт ўәкиллери (Б.Кроме, К.Фосслер, А.А.Потебня ҳәм т.б.) менен байланыслы. Поэтикалық тил мәселеси көрнекли рус алымлары Г.О.Винокур, В.В. Виноградов, Л.В.Щерба, Б.А.Ларин мийнетлеринде жаңа бағдарда изертлене басланды.

Поэтика – улыўма барлық өнерлердиң көркемлилигин изертлейтуғын әййемнен киятырған түри ҳәм ол поэзияның өнер ретинде изертлейтуғын илим. [5.376] Поэтиканы көркем әдебияттың үйрениў бағдары менен илим ретинде қараў Батыс Европаның романтизм ўәкиллери И.Гердер, Ф.Шиллинг, Ф.Ф.Шлегельдер менен байланыслы. Теориялық лингвистикада В.Гумбольд, Штейнталь мийнетлеринде көринис тапты. Поэтиканың теориялық мәселелери линвистикалық бағдарда А.А.Потебняның «Сөз өнери теориясы туўралы жазбалар» деп аталған мийнети арқалы қәлиплести. Солай етип тилдиң сөйлеў хызметин поэтикалық тил, прозалық тил деп екиге бөлди. Бул илимди раўажландырған Л.П.Якубинский «сөйлеўшиниң қандай тил материалын таңлаўына» байланыслы сөйлеўдиң еки түрин атап көрсетеди. Биринши өзиниң баҳалы қәсийети жоқ, қарым-қатнас қуралы дәрежесиндеги «әмелий тил», екиншиси әмелий мақсеттен гөре эстетикалық тәсиршеңлиги басым болған «поэтикалық тил» деп көрсетеди. Демек, поэтикалық тил дегенимиз, сөз бенен жасалған көркем кестелер ҳәм көркемликти тәмийинлейтуғын көркемлеў қураллары ҳәм усыллары болып табылады.

Поэтикалық тил мәселелери бойынша илимий изертлеўлерде академик В.В.Виноградов «Рус стилистикасының машқалалары» деген мийнетинде әдебий көркем шығарма структурасын үйрениўде лингвистикалық, эстетика-стилистикалық, әдебияттаныў ҳәм көркем өнертаныўшылық қатнаслар поэтика шеңберинде бирлесип кететуғынлығын атап өтеди. [4.169]

Б.Саримсоқов көркем тил машқалаларын үйрениўде тилши ҳәм әдебиятшы илимпазлардың бирликте изертлеўлер алып барыў зәрүрлигин көрсетип, «тилши ме я әдебиятшы ма, лингвопоэтикада, көркемлик, образлылық мәселелерине бирлесип кетиўлери зәрүр, сонда ғана олар ҳақыйқый филологқа айланады. Көркемлик машқалалары филологиялық машқала есапланады» [8.27] - деп жазады.

Поэтикалық тил – тилдиң улыўмалық белгилери менен бирге, сөз өнериниң дереги, қуралы ҳәм материалы сыпатында өзине тән өзгешелик белги-қәсийетлерди жәмлеген өзгеше система. Поэтикалық тил көркем сәўлелендирип сүўретлеў, хабарлаў, тәсир етиў мақсетин гөзлеп, көркем-эстетикалық мәниге ийе болған барлық жанрдағы, түрдеги, формадағы текстлердиң негизинде турған тил болып есапланады. Миллий тил менен поэтикалық тил бир-биринен бөлек жасайтуғын, ажыралған, басқа-басқа система емес. [1.10]

Лириканың көркемлигин оның поэтикалық тили көрсетеди. Көркемлик дегенимиз лирикалық шығарма тилиниң сыртқы формасы емес, мазмун ҳәм форманың сәйкеслиги, ой менен тилдиң гармониясы, шайыр идеясын билдиретуғын сөзлердиң оқыўшы сезимине эстетикалық тәсир ететуғын экспрессиялылығы менен эмоциялылығы болып табылады. Поэтикалық тил тек ғана метафора, эпитет, теңеў сыяқлы көркемлеў қуралларының саны ямаса сапасы менен баҳаланбайды. Шайыр образ жаратыўда ямаса лирикалық қаҳарманның кеширмелерин сүўретлеўде ойына алған эстетикалық талапларына муўапық болмысты көркем тил арқалы эстетикалық тәсиршеңликте көркем образлы түрде көрсете билиўинде баҳаланады. Ал, тәсиршеңлик пенен образлылық лирикада көркем образды метафора, теңеўлер менен бермей, ҳеш бир экспрессивлик бояўы жоқ сөзлер менен ямаса сөз тиркеслери менен де берилиўи мүмкин. Мәселе, көркемлеў қуралларының материаллық көринисинде ғана емес, шығармада сол көркемликтиң бар болыўында, оның оқыўшы сезимине тәсиршең қабылланыўында көринеди.

Тил ҳәм сөзди үйренетуғын илим үшге бөлинеди. Олар тил билими, стилистика ҳәм көркем сөз теориясы. Бул үш саланы бир-биринен ажырата билиў, ҳәр бириниң өзине тән сырын, сыпатын сезиў керек. Тийкарынан алғанда поэтикалық, көркемлик түсиниктиң ҳәр қыйлы түсиндирилиўине байланыслы әдебияттаныў, лингвистика, стилистика, психология, философия, мәденияттаныў, фольклористика салаларына ортақ болған қурамалы категория.

Европа тил илиминдеги эстетикалық ағымның ўәкиллери Б.Кроче, К.Фосслер шайырлардың дөретиўшилик хызметиниң жемиси ретинде тилди изертлеўге айрықша кеўил бөлсе, көрнекли рус филологы А.А.Потебня ҳәм оның шәкиртлери көркем (поэтикалық) тил туўралы теорияны ислеп шығыўда дәслепки алымлардан болды. Тилдеги эстетикалық факторды биринши орынға қойған олардың бул саладағы изленислери стилистика илимин пайда етти. Солай етип, тилдиң эстетикалық хызметин, шайыр тили менен улыўма халықлық, әдебий тилдиң ара-қатнасын изертлеўге кең жол ашты.

А.А.Потебняның эстетикалық тилдиң концепциясының тийкарын қураған әпиўайы (жай) тилди дөретиўшилик хызметтиң дәслепки формасы деп билди. Оның пикиринше, поэтикалық шығармада сөз өзиниң формасы арқалы символикалық мәниге ийе болады. Сол арқалы инсан санасында поэтикалық образ қәлиплеседи. Гносеологиялық ҳәм эстетикалық категориядан алғанда, сөздиң ишки формасында туўылған образ сол сөздиң ғана емес, тутас көркем дүньяның

саналы дөретиўшилик хызметтиң тийкары бола алады. А.А.Потебняның усы мәселедеги илимий көзқараслары өзиниң кейинги изертлеўшилерге үлкен қозғаў салды. Сондай-ақ, поэтикалық тил мәселеси жөнинде Л.П.Якубинский, Р.Якобсон, В.Б. Шкловскийлердиң теориясында айрықша көринис тапты. Формалистлердиң биринши усынған тезиси әмелий тил (практикалық) менен поэтикалық тил бирдей емес, олар ҳәр қыйлы. Поэтикалық тил әмелий тил нызамлықларына бағынбайтуғын өзиншеликлерге ийе тил болып табылады. Екиншиден, лирика – көркемликти талап ететуғын айрықша өнер. Үшиншиден, көркем шығарма таза тиллик усыллардың жыйнағы. Бундай пикирлер сол дәўирдеги ҳәм кейинги дәўирлерде де бир қатар изертлеўшилер де атап өткен еди.

Лирикалық шығармаларда сөзлерге ҳәр түрли мәни берип, көркемлеп қолланыў арқалы шайырлар өмир қубылысын жанлы, көркем образлы етип сүўретлеп бере алады. Солай етип өзлериниң шығармаларын оқыўшылардың тилине, қәлбине жеңил ҳәм тартымлы қабылланыўына ҳәм оқылыўын тәмийинлейди. Автор образлы көркем сөзлерди қолланыў арқалы ғана өзиниң стилин қәлиплестиреди.

Сөз көркемлигин тар мәниде түсинсек, ол сөзлердиң семантикасы өзгерген аўыспалы мәниде қолланыў менен шекленеди. Соның менен қатар образлылық мәниге ийе болған сөз көркем шығармада белгили бир дәрежеде өзиниң номинатив хызметин жойтып, образлы, экспрессивлик мәниге ийе болады. Сөз көркемлигиниң мәнисин изертлеў бағытында сөзге эстетикалық-көркемлик мәни беретуғын лексикалық әмеллердиң қолланылыўы тийкарғы нышанға алынады. Д.Б.Ольховиковтың пикири бойынша «образлылық» терминиң усы терминге мәнилес болып келетуғын «экспрессивлик», «метафоралық», «символикалық», «поэтикалық» деп аталатуғын семантика-стилистикалық категориялардың мәнислери менен қарысып келетуғынлығы белгили. [7.341]

Образлылықтың берилиў жолларын үйрене отырып, металогия (көркем шығармада сөзлердиң аўыспалы мәниде, образлы түрде қолланыў) түсиниги менен бир қатар қолланылатуғын троплық, көркемлик пенен автология (көркем шығармада сөзлерди туўра мәнисинде қолланыў) түсиниги менен қатар қолланылатуғын троплық емес көркемликти бөлип қараўға болады. Солай етип, образ-троп өзиниң функционал стиллерде қолланыў-қолланбаў сыпаты жағынан еки бағдарда, әдебият теориясы бойынша көркем шығармада сөздиң туўра мәнисинде қолланылатуғын сөзлер автология, ал көркем, образлы мәниде қолланылыўы метология деп аталынады. Образлылық, көркемлик тил илимине

қарағанда әдебияттаныў тараўында изертленетуғынлығы белгили. Әдебияттаныў тропларды әдебий шығарманың  көркемлик дүньясын жасаўшы тийкарғы қураллардың бири ретинде қарастырылып, сөз образлылығын шығарманың ишки образы менен ушластырады. Егер әдебияттаныўда «образ», «образлылық» түсиниклери тийкарында «троп» терминин тийкарға алатуғын болсақ стилистикада «ишки образлылық» терминине, сөзлер менен сөз тиркеслерине (дизбеклерине) сүйенемиз. Тил билиминде «сөздиң ишки формасы», «сөздиң лексикалық мәниси», «сөздиң аўыспалы мәниси» деген түсиниклер қарастырылады. Сөздиң ишки формасы –сөзлерди қурайтуғын морфемалардың семантикалық ҳәм структуралық бирлиги.

Лирикада сөзлер өзлериниң дәслепки мәнисинен айырылып, аўыспалы мәниде жийе қолланылады. Лирикалық шығармаларда қолланылған сөзлердиң мәниси сол шығарма контектинде терең ашылады. Көркем образ түсинигиниң дүньяға келетуғын орны – көркем әдебий шығарма. Бул жерде тил өнердиң тийкарғы фигурасы ҳәм ең баслы қуралы болып табылады. Көркем сөздиң тереңлиги оның тек форма болғанлығы ғана емес, ол формаға айланған белгили бир мәнисти беретуғынлығында көринеди. Буннан биз «идея-образ –сөз» үшлигин аңлаймыз, улыўма алғанда образ - мазмунлық форма.

Образлы сөзлер тек көркем әдебиятта ғана емес, басқа да илимлер саласында да гезлеседи. Мысалы, термин метафоралар: таўдың етеги, компьютердиң мийи ҳәм т.б. Бундай образлы сөзлер сөздиң аўыспалы мәнисинде қолланылғаны менен, онда эстетикалық сыпат жоқ. Олар тәбиятынан көркем әдебий сөзлер емес, ол жерде тек «басқа» нәрсениң сыртқы образының сыпаты аўыспалы мәниде қолланылып тур. Ал көркем образлы сөз болыў ушын сөздиң аўыспалы мәниде қолланылыўы жеткиликсиз болады.  Сөздиң образлылыққа ениўи өзиниң туўра мәнисинен аўыспалы мәнилерге аўысыўы, сөздиң образлы мәниге ийе болыўы өзиниң дәслепки номинативли мәнили хызметин жойтып, айрықша бояўға, рәңбәреңликке ениўи болып табылады.

Көркемликке ийе болыўы ушын тилдиң көркемлеў қуралларының айрықша қолланылыўы шәрт. Солай етип, қосық техникасына, яғный қосық жазыўда, шығарыўда зәрүрликке ийе уйқас, ырғақ, шуўмақ ҳәм т.б. сыяқлылар лирика дүньясын көркем сөздиң басқа түрлеринен ажыратып турады.

Көркем шығарманы, айтайық қосықты, тутас бир эстетикалық дүнья деп қарайтуғын болсақ, оның мазмунын билдиретуғын қурал – поэтикалық тилин үйрениў орынлы. Поэтикалық тилдиң ең жақсы, анық көринетуғын жери лирика.

Тил – адамлардың бир-бири менен қатнас жасайтуғын қуралы деп есаплаймыз ҳәм усы хызметин көп айтамыз. Ал, тил – соның менен бирге эстетикалық қурал, көркем дүнья қуралы. Тилдиң бул хызмети бир-бири менен байланыспайтуғын бөлек-бөлек қубылыс емес. Керисинше, тилдиң поэтикалық хызмети коммуникативлик (қатнас қуралы ретинде) хызметине тийкарланады. Соның менен бирге ол тиллик қубылыслар өнерге тән эстетикалық ҳәм дүньялық - тарийхый нызамлылықларға бағынған жаңа әлемин жасайды. [4.155] Демек, тийкарынан алғанда қарым-қатнаслық жүк арқалағаны менен (көркем шығарманы шайыр, өзи ушын жазбайды, оқыўшыға өз ой-пикирин билдириў ушын жазады, сонлықтан бул қарым-қатнас) көркемлик поэтикалық хызмет атқарыўға келгенде, оның өзине тән тәртип-нызамлылықлары болады. Лириканың поэтикалық тилин таллаўда образ проблемасы ең баслы мәселе екенлиги белгили. Поэтикалық образ көркемлеў қураллары менен де, стиллик бояўы бар сөзлер менен де ямаса көркемлик бояўсыз сөзлер менен де берилетуғын жағдайлар бар. Поэтикалық образдың тиллик көринисин изертлеў –лирикалық шығарма тилин таллаўдың бир мақсети болып табылады.

Улыўма алғанда, поэтикалық тил ҳаққында айтар екенбиз, әлбетте, лирикалық шығарманың текстиндеги көркемлеў қураллары: троплар ҳәм оның түрлери; перифразлардың қолланылыўы, теңеўлер, метафоралар, образлы эпитетлер ҳәм т.б. жәнe де поэтикалық синонимлердиң жумсалыўын көрсетиў, олардың көркемлик хызметин анықлаўдан ибарат. Соның менен қатар сол көркемлеў қуралларының жасалыў усылларын анықлаў керек. Бул усылларға сөз мәнисиниң аўысыўы (метафораланыўы) ҳәм т.б. поэтикалық қубылыслар жатады. Лирикалық шығармадағы сөздиң экспрессивлик-эмоционаллық ҳәм т.б. да көркемлик поэтикалық мәселелер болып табылады.

**Әдебиятлар:**


1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. –Тошкент: Ёшлар нашриёт уйи, 2020. –Б.10.
2. Белинский В.Г. Шығармалары // қазақ тилине аўдарған Б.Шалабаев. – Алматы: Жазушы, 1987. Б.72.
3. Виноградов В.В. Проблемы русской стилистика. – Москва: Высшая школа, 1981. – С.169.
4. Виноградов В.В. Стилистика. Теория поэтической речи. Поэтика. – Москва: Высшая школа, 1962. С.155.
5. Жирмунский В.М. Теория литературы. Поэтика. Стилистика. – Ленинград: Наука, 1977. С.376.

6. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалары. (Еки томлық) II том. – Нөкис: Билим, 2018. Б.53.
7. Ольховиков Д.Б. «Образность» как категория филологического описания текста. – Москва: Знание, 1999. С.341.
8. Саримсоқов Б. Бадиийлик асослари ва мезонлари. – Тошкент: Шарқ, 2004. – Б.27.
9. Шарафиддинов О. Адабиёт тилдан бошланади // Ўзбекистон адабиёти ва санъати. 1986. 5-сентябрь